

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode deskriptif. Ieu metode digunakeun pikeun ngadeskripsikeun sumber data tina hasil transkripsi paguneman (konversasi) dina pidangan Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung) dumasar tujuan panalungtikan.

3.2.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data. Téhnik ngumpulkeun data ku cara studi dokumentasi jeung wawancara. Sedengkeun téhnik analisis data ku cara analisis transkripsi paguneman (konversasi) dumasar tujuan panalungtikan.

3.2 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta:

3.2.1 Transkripsi Paguneman

Transkripsi paguneman tina siaran Cinta ka Kampung Bandung digunakeun pikeun nganalisis undak-usuk basa Sunda.

3.2.2 Tiprékoder + Kasét

Tiprékoder jeung kasét minangka pakakas nu digunakeun pikeun ngadeudeul proses ngumpulkeun data, ku cara ngarékam siaran Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung).

3.3 Sumber Data jeung Sampel Panalungtikan

Nu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta acara interaktif pidangan Cinta ka Kampung Bandung (Cikapundung) Radio Garuda 105,5 FM-Bandung bulan Januari 2008 nu jumlahna aya 24 pidangan. Tina éta sumber data, ditangtukeun lima pidangan (20 %) salaku sampelna ngagunakeun sampel random.

3.4 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Rarancang garapan dina ieu panalungtikan ngawengku opat léngkah ieu di handap.

3.4.1 Tatahar

Kegiatan anu dilaksanakeun dina tahap tatahar ngawengku:

- 1) Ngumpulkeun sumber bahan kajian.
- 2) Nangtukeun masalah jeung obyék panalungtikan.
- 3) Ngasongkeun judul panalungtikan.
- 4) Nyusun rarancang panalungtikan.
- 5) Ngaréngsékeun surat izin panalungtikan.
- 6) Konsultasi ka dosén pangaping.

3.4.2 Ngumpulkeun Data

- 1) Nangtukeun acara anu rék dijadikeun bahan analisis.
- 2) Ngayakeun wawancara ka juru siar jeung mitra kaum dangu patali jeung hal nu ditalungtik.
- 3) Ngadokuméntasikeun sarta ngainpéntarisasi data nu dihasilkeun tina panalungtikan.

3.4.3 Ngolah Data

- 1) Nenetan deui data anu geus dikumpulkeun.
- 2) Nafsirkeun hasil data anu geus diolah.
- 3) Nyieun kacindekan.

3.4.4 Nyusun Laporan

Tahap pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun laporan kalawan sistematis dina wujud skripsi. Léngkah nyusun ieu laporan salawasna diaping ku dosén pangaping.

